



Regleman HAP 2007

Sou Rann Kont nan zafè Imanità ak Jestyon Kalite

**Tout ekip HAP la te tonbe
dakò sou regleman sa yo
nan dat 30 janvyè 2007**

Moun ki ekri tèks la :

Komite moun ki responsab ekri nan HAP la

Nan tèt kole ak :

Gwoup moun ki travay sou devlopman règleman HAP yo (HAP Standard Development Reference Group)

Reprezantan benefisyè yo (Beneficiary Representatives)

Patisipan nan seminè sou sistèm Jestyon Plent yo nan vil Kopenhag (Copenhagen Complaints Mechanism Workshop Participants)

Patisipan nan seminè vil Daka ak Nayiwobi (Dhaka and Nairobi Workshop Participants)

Patisipan nan pretès ki te fèt sou teren yo (Senegal, Somali ak SriLanka) (Field Test Participants (Senegal, Somalia and Sri Lanka)

Tradiksyon Kreyòl Ayisyen : CARE International, Haïti – Fevriye 2010

©HAP International
Maison Internationale de l'Environnement 2
Chemin de Balexert 7
CH-1219 Châtelaine
Genève
Suisse

Tél : + 41 22 788 1641

E-mail : secretariat@hapinternational.org

Website : <http://www.hapinternational.org>

Regleman HAP 2007 la sou rann kont nan zafè imanità
ak jestyon kalite

Men sa ki nan liv sa

Premye pawòl

1. Entwodiksyon
2. Konvansyon sou rann kont nan zafè imanità
3. Kondisyon yo nan Regleman HAP 2007

Premye Pawòl

Aprè plis pase sis lane travay rechèch ak dyalòg pi lwen pi fon, chita tande ak moun ki pat mouri nan katastwòf ak volontè, ak anplwaye nan òganizasyon imanité, patizan ak espesyalis ke nou pap kapab finn di yon mèsèsi apa nan ti liv sa, men Regleman HAP 2007 la sou rann kont nan zafè imanité ak jestyon kalite.

Tou dabò, map pwofite okazyon sa poum di tout moun ki te kontribiye nan kokennchenn pwojè sa yon gwo mesèsi paske yo te bay tan yo, tout enèji yo ak konesans yo. Map fè yo konpliman tou pou bèl reyalizasyon sa.

Men de mo ki kapab ranmase konsèy fondal natal pou you moun kenbe nan basen sajès ak eksperyans ki bay travay sa jarèt : se pou you moun kenbe yon pwosesis pi senp ou kapab, pou li bay bon rezilta san w pa depanse plis lajan ke sa w genyen. Tou dabò, sonje ke jestyon kalite se pa yon relijyon tou nèf. Se yon mwayen pratik ki pèmèt you moun amelyore tanzantan sa lapfè nan domèn rann kont ak efikasite travay imanité a.

Kounye a, tout òganizasyon imanité yo kapab demontre angajman yo lè yo respekte Regleman HAP 2007 la ak lè yo ankouraje patnè yo ak lòt aktè yo mete l an an pratik. Konsa, diyite ak kalite lavi moun kip a mouri nan katastwòf yo ap vinn miyò. Se sa ki pi enpòtan pou you moun repete lè wap ankouraje kominote imanité a itilize regleman sa.

Paske nou pase men nan Norme HAP 2007 la, nou kapab anonse plan pou bay sètifika HAP, ki se yon okazyon pou kèlkeswa òganizasyon kap fè efò jwenn rekonesans yo merite a poutèt fason yo te mete yon sistèm jestyon kalite imanité, san sa pa gen arewè ak gwosè òganizasyon an, kote li soti oswa paske li travay ak patnè oswa li travay dirèkteman nan kominote a.

Mwen envite nou tout patisipe nan bèl devlopman sa ak tout kè nou.

Denis Caillaux
Prezidan HAP-International
Sekretè CARE International

Jenèv
Jou ki te 5 janvye 2007

1.- Entwodiksyon

1.1 Soti nan prensip rive nan regleman

Òganizasyon imanitè yo kapab jwe yon gwo wòl nan zafè lajan, teknik ak lojistik chak fwa yap fè travay yo ki se sove lavi ak diminye soufrans moun. Anfas òganizasyon sa yo, moun ki ministre yo pa gen okenn kontwòl epi yo pa gen fason pou asire ke òganizasyon sa yo voye je gade yo pou yo resevwa èd la. Kidonk, li difisil pou moun ki viktim katastwòf natiwèl yo ekzije òganizasyon imanitè sa yo ba yo rapò, rann yo kont. Nan Lane 2003, Patenarya pou Rann Kont nan zafè Imanitè a (ki gen ti non li HAP) te kreye pou:

- ankouraje tout moun rann kont bay moun ki pat mouri yo apre yon katastwòf natiwèl ak
- rekonèt òganizasyon ki konfòme yo selon Prensip Rann Kont HAP yo.

Lè yon òganizasyon mete prensip sa yo kanpe, li montre li kenbe pwomès li pou rann kont ak tout moun ki pat mouri apre yon katastwòf, nan kalite travay imanitè li bay.

PRENSIP POU RANN KONT - HAP

1. Angajman sou regleman ak dwa imanitè yo.

- Manm yo deklare ke yo pran angajman pou yo respekte ak fè konnen regleman imanitè yo ak dwa benefisyè yo.

2. Mete kanpe bon jan regleman epi devlope konpetans yo

- Manb yo mete kanpe yon machaswiv pou rann kont pou tout moun ki konsène.
- Manb yo etabli epi Ekzamine tanzantan regleman yo ak endikate kap mezire rezilta yo, epi ekzamine yo ankò chak fwa li nesèsè.
- Manb yo bay fòmasyon ki nesèsè pou itilize epi mete kanpe regleman yo.

3. Kominikasyon

- Manb yo enfòme epi kontakte tout moun ki konsène, an patikilye benefisyè ak pèsònèl yo, sou prensip yo adopte ak pwogram yo pral egzekite epi tou mwayen yo mete kanpe pou bay rezilta yap tann nan.

4. Patisipasyon nan pwogram yo

- Manb yo mete benefisyè yo nan planifikasyon, nan egzekisyon, swivi ak evalyasyon pwogram yo epi tou enfòme yo sou dewoulman pwogram yo, sòf lè sa pa posib, tankou nan ka fòs majè.

5. Kontwòl an pèmanans ak kontwandi sou respè tout regleman

- Manb yo mete benefisyè yo ak pèsònèl la nan kontwòl respè regleman yo ansanm ak revizyon yo.
- Manb yo kontwòle epi evalye tanzantan respè regleman yo, pandan yap itilize mwayen boutdi
- Manb yo etabli yon rapò sou respè regleman yo pou pipiti yon fwa nan ane a, pou tout moun ki konsène yo, ak benefisyè yo. Kontrandi sa ka fèt sou plizyè fòm.

6. Trètman plent yo

- Manb yo pèmèt benefisyè yo ak pèsònèl la, depoze plent epi tou pou mande reparasyon san okenn laperèz

7. Mete patnè yo nan tou sa kap fèt

- Manb yo angaje yo pou yo mete regleman sa yo an aplikasyon, menm kant yo ta pase pa lentèmedyè yon patnè.

* Machaswiv rannkont lan gen ladanl regleman, regleman sou kalite, politik, direktiv, fòmasyon epi ak tout lòt fòm devlopman konpetans, etc. Machaswiv la dwe genyen endikate pou mezire efikasite. Regleman yo kapab konsène yon sèl òganizasyon, konsa tou yo kapab pou plizyè òganizasyon, tankou Sphere oswa People in Aid.

Men, *Prensip Rann Kont* yo pat gen nan yo kondisyon pou evalye pèfòmans oswa endikatè pou respè regleman yo. Yo pale sou « *Regleman imanité yo* » ak « *dwa benefisyè yo* » nan *Prensip 1* an men yo pat bay eksplikasyon sou yo non plis. Se poutèt sa *Prensip rann kont* yo pat kont pou pèmèt tout moun dakò sou sipèvizyon respè regleman ak validasyon sistèm jestyon kalite imanité yon òganizasyon. Li te nesèsè pou devlope *Regleman HAP 2007* sou *Rann Kont ak Jestyon Kalite*.

Menm jan ak *Prensip Rann Kont HAP* yo, *Regleman HAP 2007* sou *Rann Kont ak Jestyon Kalite* a te devlope granmesi chita tandè pi lwen pi fon ak pretès sou teren. Li chita sou yon sistèm senp men ki bay rezilta nan jestyon kalite imanité ke tout òganizasyon kapab aplike. Li pran tout sans li dapre yon seri prensip imanité kap mennen epi kap fòme travay patizan l yo ; se selon prensip sa yo yo pran angajman pou yo rann kont. Menm jan *Regleman HAP 2007* la reprezante yon angajman solanèl pou rann kont bay tout moun ki touche apre yon kataswòf pa kounye a sèlman men pi devan tou, valè sa yo parèt nan *Konvansyon sou Rann Kont Imanité HAP* la.

1.2 Mete Prensip yo an Pratik

Aksyon imanité a ap evolye nan sityasyon konplèks, difisil san konte kèk fwa ki konn kanpe anfas ou. Pi souvan, resous kominote imanité a genyen nan men l yo, moun kalifye tankou lajan, pa kont pou fè travay la. An pratik, òganizasyon yo ap fè fas kare ak yon seri desizyon difisil kote yo dwe chwazi ant sa ki pa pi mal ak sa ki pa bon menm. Òganizasyon yo vle respekte regleman ki pi egzijan yo nan zafè imanité yo men se pa fòt yo si yo pa rive fè tou sa yo vle akòz lòt rezon yo pa ka kontwole. Men, filozofi imanité a mete devan obligasyon moral pou fè solidarite ak tout moun ki pa wè ni devan ni dèyè epi kap souffri menm lè meyè repns lan enposib. Pa ekzanp, yon vwazen kap konsole yon viktim tranbleman de tè (goudougoudou) gen menm valè moral sou plan imanité ak gwo jefò intènasyonal ke travayè imanité pwofesyonèl yo ap fè. Nan plizyè sityasyon, pito ou fè yon ti bagay kan menm, sa ki posib la, paske se li ki meyè aksyon imanité a, menm si l pa finn sa nèt

Men, lè yon òganizasyon ki gen sètifika HAP pa nan pozisyon pou l swiv tout *Prensip Rann Kont* yo, li dwe bay yon eksplikasyon sou sa. Konvansyon sou *Rann Kont* nan zafè Imanité a se yon zouti pratik ki mete sou pye pou ofri konsèy bay òganizasyon imanité yo ki ap fè fas kare ak chwa ki difisil anpil. Konvansyon sa bati sou menm lide ak sa Jean Piclet te fè a ke tout moun konnen sou prensip imanité yo, men se pa yon fotokopi. Chak prensip klase selon nivo enpòtans li, soti nan premye prensip imanite ak enpasyalite, pase pa dezyèm prensip konsantman eklere, devwa, dilijans ak temwayaj rive nan twazyèm prensip ki se endepandans, transparans, san pati pri (netralite) ak konplemantarite.

Nan kèk sityasyon, yon òganizasyon kapab konstate paske li konfòme l ak yon prensip fè ke anmenmtan li pa ka respekte yon lòt. Pa ekzanp, piblikasyon yon plan distribisyon èd kapab mete mete benefisyè yo ak pèsnèl la an danje, sa ki ta dwe jistifye, nan ka sa aplikasyon politik pou pa bay enfòmasyon.

Nan ka sa, òganizasyon ki gen sètifika HAP la dwe kapab eksplike ke li chwazi fonksyone pandan lap vyole youn oswa plizyè prensip paske se yon kondisyon fondamantal pou l ka respekte yon prensip ki gen plis enpòtans toujou nan sikonstans lan. Konsa, òganizasyon sa, va demontre ke l aji ak konsyans epi an akò ak *Regleman HAP 2007* la, nan ka sa, an patikilye.

Konvansyon Rann Kont nan zafè Imanité a ekzije tou pou tout òganizasyon ki gen sètifika HAP fè tout moun konnen tout enterè oswa tout politik yo genyen epi ki

kapab genyen konsekans dirèk sou byenèt ak sekirite moun ki pat mouri nan katastwòf yo, benefisyè yo ak lòt moun ki konsène yo.

1.3 Regleman pou yon òganizasyon kapab jwenn sètifika

Tout òganizasyon ki konfòme yo selon Regleman HAP 2007 ki nan lis andedan ankadreman (gade anba) kapab kandida pou sètifika.

REGLEMAN HAP OU DWE RESPEKTE POU W RESEVWA SÈTIFIKA

1. Angaje w pou w bay èd imanite a san pati pri.
2. Genyen yon estati ofisyèl tankou yon òganizasyon ki pap travay pou fè benefis nan youn oswa tout peyi kote l anrejistre yo epi kote lap bay sèvis nan domèn imanite a.
3. Respekte obligasyon pou rann kont sou zafè lajan, jan sa prevwa nan lalwa youn oswa tout peyi kote l anrejistre yo oswa kote l ap bay sèvis nan domèn imanite a.
4. Fè tout moun konnen alawonbadèt machaswiv li genyen pou rann kont sou travay imanite li.

1.4 Definisyon enpòtan

Paske *Regleman HAP 2007* la gen anpil kote yo pale sou rann kont ak kalite, gen eksplikasyon ki bay sou pawòl sa yo ak lòt ekspresyon ki gen pou wè ak *machaswiv sou rann kont nan zafè imanite a ak sistèm jestyon kalite imanite a*.

DEFINISYON KLE

Rann kont

Rann kont lan se mwayen ou itilize pou egzèse pouvwa ak sans responsablite. Li mande pou mete na tout sa wap fè epi rann kont bay tout moun ki vivan apre yon katastwòf.

Machaswiv pou rann kont sou travay imanite

Machaswiv imanite a, se yon pakèt definisyon, etap, regleman, ki montre ak presizyon kouman yon òganizasyon pral garanti lap rannkont bay tout moun ki konsène yo. Li genyen yon deklarasyon angajman, yon analiz ki kalkile jan regleman respekte ansanm ak yon politik, yon estrateji ak yon plan pou yo mete l an aplikasyon. Angajman yo kapab gen regleman, kòd, prensip ak direktiv pou moun ki pa nan òganizasyon an, ak manda valè, estati, prensip pou sa ki andedan. Pou tout òganizasyon ki gen sètifika HAP yo, sa vle di yo dwe genyen tou Prensip rannkont HAP yo ak Konvansyon Imanit HAP la.

KALITE

Kalite a se tout ti karakteristik yon pwodwi oswa yon sèvis ki ka pèmèt li reponn bezwen ke konsomatè a oswa benefisyè w sible a ap chache. Ou ka mezire kalite sou yon randman, efikasite, oswa rezilta oubyen enpak.

SISTEM JESTYON KALITE

Sistèm jestyon kalite, se yon pakèt metòd kowòdone ke yo mete an plas kap pèmèt yo amelyore san rete randman ak efikasite yon òganizasyon pou l ka reponn ak demann kliyan li yo. Li dwe gen yon politik sou kalite byen detaye, objektif sou kalite, yon mòd damplwa sou kalite ak lòt dokiman ki nesèsè pou asire entegrasyon ak egzekisyon reyèl fason yap jeer kalite andedan òganizasyon an.

SISTEM POU JERE KALITE TRAVAY IMANITE A

Sistèm pou jere kalite travay imanite a se yon pakèt mwayen ki ka pèmèt yon amelyorasyon san rete nan pèfòmans yon òganizasyon pou l ka reponn selon bezwen fondamantal moun epi tou pou l respekte diyite moun ki pa mouri nan katastwòf yo.

2. Konvasyon sou Rann kont nan zafè Imanitè

2.1 Anvan tout bagay :

Pandan nap rekonèt ke sa ki esansyèl nan rann kont nan zafè imanité a chita sou repè bezwen, preyokipasyon, kapasite ak dispozisyon moun ke nap eseye asiste yo tankou nap pran responsablite nou pou aksyon nou yo ak desizyon nou yo devan tout moun ki gen pou wè ak sitiyasyon an, an patikilye moun ki pat mouri nan katastwòf yo.

Pandan nap respekte dwa entènasyonal imanité a, dwa refijye yo, dwa moun ak tout lòt trete entènasyonal ansanm ak lwa, regleman nasyonal ki ale nan menm sans lan.

Pandan nap deklare ankò devwa fondamantal Leta yo pou yo pwoteje epi asiste moun nan moman konfli ak zam ak lòt kalamite.

Pandan nap admèt devwa dilijans ki gen pou wè ak byennèt benefisyè yo ki sous responsablite moun i angaje tèt yo nan aksyon imanité.

Pandan nap di ak tout fòs nou dwa tout moun ki nan bezwen asistans ak pwoteksyon imanité selon desizyon yo pran apre yo finn jwenn tout enfòmasyon yo dwe konnen sou asistans lan ak pwoteksyon yo pwomèt yo a.

Pandan nap remake ke gen difikilte moun pa ka kontwòle lè nap mete repons la sou pye ki kapab gen move konsekans sou pèfòmans nou

Oganizasyon ki gen sètifika selon Regleman HAP 2007 la sou Rann Kont nan zafè Imanité ak Jestyon Kalite yo, nou pran angajman pou nou rann kont sou aksyon ak desizyon ki gen enfluyans sou travay imanité, an akò ak prensip aksyon imanité yo, lòt angajman ki vinn ajoute sou sa ki te la yo ak kondisyon yo site yo pou jestyon kalite a ke yo deklare nan tèks ki ekri pi ba yo.

2.2 Prensip aksyon imanite a

Òganizasyon kap chache respekte *Regleman HAP 2007 sou Rann Kont nan zafè Imanite ak Jestyon Kalite* yo pran angajman an patan pou yo rann kont sou travay imanite yap fè an akò ak *Prensip Jeneral Aksyon Imanite* yo.

PRENSIP AKSYON IMANITE YO

Premye prensip

- **Imanite**: Respekte epi fè respekte dwa tout moun pou yo resevwa epi bay asistans
- **Enpasyalite** : Bay asistans imanite pandan selon bezwen yo nan chak sitiyasyon ijans, san diskriminasyon sèks ak laj, ras, kote moun nan soti, etnik, nasyonalite oswa lòt diskriminasyon ki chita sou apatenans politik relijyèz, kiltiwèl.

Dezyèm prensip

- **Konsantman** : Asire w ke benefisyè w vize yo oswa reprezantan yo byen konprann epi dakò sou aksyon imanite ki te pwopoze a, ak enplikasyon l.
- **Devwa dilijans** : Asire w ke asistans imanite a rive oswa depase regleman ke tout moun aksepte pou reyalize byenèt benefisyè w sible yo.
- **Temwayaj** : Siyale politik oswa pratik ki ka afekte byenèt moun ki pa mouri nan katastwòf yo.

Twazyèm prensip

- **Transparans** : Asire w ke tout enfòmasyon al jwenn benefisyè ke w vize yo ansanm ak reprezantan yo ak tout lòt moun ki konsène yo.
- **Endepandans** : Aji sou otorite kap dirije òganizasyon an epi selon manda l.
- **Netralite (San Pas Pouki)** : Pa bay pati ki enplike yo sipò materyèl oswa politik.
- **Konplemantarite** : Pote repons imanite a tankou youn nan manb responsab nan kominote kap bay asistans imanite a.

2.3 Deklarasyon sou lòt angajman ki pran

Òganizasyon ki konfòme yo selon *Regleman HAP 2007 yo sou Rann Kont nan zafè Imanite ak Jestyon Kalite* yo deklare afilyasyon yo, enterè yo, valè yo ak lòt politik yo genyen an plis lè tout bagay sa yo deklare yo kapab genyen yon enfliyans dirèk sou byenèt moun ki pa mouri nan katastwòf yo, benefisyè yo vize y oak enterè tout moun ki konsène yo. Deklarasyon sa yo kapab genyen eleman sa yo nan yo:

Byen gade: Lis sa pa gen tout sa yo declare an plis yo

Politik egalite chans ak san diskriminasyon (laj, sèks, defisyans fizik oswa mantal, eksetera.)

Politik pwoteksyon Timoun

Politik anviwonmantal

Politik prevansyon konfli ak/oswa konstriksyon lapè

Politik ki gen pou wè ak VIH/SIDA

Espesyalizasyon teknik

Afilyasyon ak relijyon oswa ak pati politik

Politik jestyon konfidenterè

2.4 Kondisyon referans sou jestyon kalite nan zafè imanité

Òganizasyon ki respekte *Regleman HAP 2007* sou *Rann Kont nan zafè Imanité ak Jestyon Kalite* dwe demontre key o konfòme yo anba kondisyon yo site yo epi ki gen arewè:

1. Jestyon kalite imanité
2. Transparans
3. Patisipasyon benefisyè yo
4. Konpetns pèsonèl la
5. Jestyon plent yo
6. Amelyorasyon tanzantan

Pou chak kondisyon yo site yo, *Regleman* an defini ekzijans ki pi piti ke òganizasyon an dwe respekte ak zouti verifikasyon ki mache ak yo.

Menm si eleman ki nan lis kap vini la pa ko fe pati seri kondisyon yo site yo, òganizasyon kap respekte *Regleman HAP 2007 la* sou *Rann Kont nan zafè Imanité ak Jestyon Kalite* yo dwe kanmenm bay eleman sa yo tout enpòtans yo merite :

7. Asire koòdinasyon ak kolaborasyon lòt aktè imanité yo
8. Pran angajman sou pratik onèt (ki gen etik) pou ranmase lajan
9. Jere chèn apwovisionman an nan entegre kapasite ak resous lokal yo

2.5 Travay ak patnè imanité

Gen de fason òganizasyon kap ede yo kapab bay èd imanité a. Yon pa selon yon mòd operasyonèl: kote yo antre dirèkteman ak pwojè key o jere ak pwòp pèsonèl pa yo epi ak volontè, osa, selon yon modèl ki pa operasyonèl, kote yo bay pwojè yon patnè yo mwayen lajan, materyèl oswa teknik pou li fonksyone. Gen òganizasyon ki itilize tou de apwòch sa yo. *Regleman HAP 2007* sou *Rann Kont nan zafè Imanité ak Jestyon Kalite* a kapab aplike nan tou de ka sa yo, nan tou de mòd operasyon imanité ki se operasyonèl la ki se modèl ki pa operasyonèl la.

Deskripsyon relasyon ant patnè nan zafè imanité

Relasyon ant patnè se yon relasyon kote de òganizasyon ki granmoun tèt yo respekte youn lòt, se yon relasyon ki chita sou yon objektif yo dakò sou li ansanm ak rezilta ak responsablite byen klè. Relasyon ant patnè kapab fèt san yon kontra fòmèl. Patnè yo kapab yon seri ti òganizasyon lokal oswa gwo enstitisyon nasyonal alewè tou entènasyonal. Yon relasyon ant patnè nan zafè imanité se yon relasyon ant patnè kote de oswa plis enstitisyon mete tèt yo ansanm pou asosye resous yo yon fason pou yo distribye byen oswa sèvis fondamantal bay moun ki pat mouri nan katastwòf yo.

Mete relasyon ant patnè an pratik

Paske gen plizyè kalite aktè imanité ak divès kalite relasyon ant patnè yo, li enpòtan pou patnè yo itilize anpil fleksibilite nan mete an plas regleman pou patnè imanité yo swiv. Nan kèk ka, meyè patnè imanité yo pat reyini tout kondisyon teknik sou regleman yo oswa bòn pratik yo. Yo gen dwa pa vle oswa pa kapab respekte machaswiv rann kont òganizasyon ki gen sètifika. Nan ka sa yo, yon òganizasyon ki gen sètifika ap itilize *Prensip Aksyon Imanité* yo pou li jistifye desizyon pou li sipòte oswa pa apiye yon aktè imanité ki kapab swiv sèlman yon pati nan regleman yo. Pa ekzanp, yon òganizasyon ki gen sètifika kapab soutni yon patnè imanité ki pa kapab oswa ki pa swete respekte prensip imanité twazyèm nivo yo, a kondisyon patnè san

an bon pozisyon pou bay yon asistans imanité kap respekte kare bare premye ak dezyèm prensip imanité yo.

Modèl relasyon ant patnè

Relasyon yo ant patnè nan domèn kalite, relasyon sa yo baze sou konfyans ak respè youn pou lòt. Yon relasyon ant patnè kapab febli anpil lè youn nan patnè yo ap eseye enpoze pwòp kondisyon pal sou konpòtman oswa sou aktivite lòt pati a. Kidonk, otorite sètifikasyon HAP la pap ekzije oswa delivre patnè òganizasyon sa kap enpoze dizon pa li a, yon estati òganizasyon ki gen sètifika, kèlkeswa sak rive. Òganizasyon ki angaje tèt yo anba Regleman HAP la kapab deranje kalite relasyon ant patnè nan domèn imanité yo genyen lè yo enpoze kondisyon HAP yo sou pratik jestyon patnè a. Men, bon relasyon ant patnè ekzije tou transparans ale vini ak yon angajman tou de pati yo sou prensip amelyorasyon tanzantan. Se poutèt sa, òganizasyon ki gen sètifika HAP yo dwe pou pi piti:

- Eksplike patnè imanité yo obligasyon yo genyen pou rann kont ak jestyon kalite paske yo gen responsablite regleman HAP la
- Chache fason ak mwayen pou amelyore kalite relasyon ak patnè a pandan yap respekte *Prensip Rann Kont ak Prensip Aksyon Imanité* yo.

3. Kondisyon ou dwe site pou Regleman HAP 2007 la

Premye kondisyon ou dwe site :

Òganizasyon an dwe mete sou pye yon sistèm pou jestyon kalite nan zafè imanità.

Dezyèm kondisyon ou dwe site

Òganizasyon an dwe mete deyò epi alapòte tout moun sa konsène, tout benefisyè li vle ede yo, ak tout kominote ki gen arewè ak katastwòf la, moun ki nan òganizasyon an ak tout lòt moun ki konsène, enfòmasyon sa yo: a) Ki istwa òganizasyon sa b) Machaswiv rann kont li c) Ki plan li nan domèn imanità d) Kijan lap bay rapò sou sa li fè ak e) kijan li pral jere plent.

Twazyèm kondisyon ou dwe site :

Òganizasyon an dwe bay benefisyè yo ak reprezantan yo fason pou yo patisipe nan desizyon ki gen pou wè ak pwogram nan epi li we jwenn dizon pa yo apre yo finn jwenn tout enfòmasyon yo dwe konnen sou pwogram nan.

Katriyèm kondisyon ou dwe site:

Òganizasyon an dwe evalye konpetans, atitud ak bezwen fòmasyon pèsònèl lap anplwaye pou l mete an plas yon system jestyon kalite nan domèn imanità a.

Senkyèm kondisyon ou dwe site:

Òganizasyon an dwe table epi aplike bon jan mwayen pou jere plent ki efikas, alapòte benefisyè li vize yo, ki pa prezante okenn risk tou pou kominote yo ki konsène a nan katastwòf la, ak pèsònèl òganizasyon an, patnè yo nan domèn imanità a epi lòt enstans ki konsène yo.

Sizyèm kondisyon ou dwe site:

Oganizasyon an dwe tabli yon pwosesis kap pèmèt li amelyore tanzantan machaswiv rann kont li a epi tou sistèm jestyon kalite nan zafè imanità li a.

Premye kondisyon ou dwe site

Oganizasyon an dwe mete yon sistèm jestyon kalite travay imanité a.

No	Sa òganizasyon an dwe genyen	No	Mwayen pou verifye
1.1	Òganizasyon an dwe bay detay sou machaswiv rann kont nan zafè imanité, kote ap site tout regleman sou rann kont k kalite anndan tankou deyò, kòd, direktiv ak prensip òganizasyon an ap swiv.	1	Fòk nou analize an detay machaswiv rann kont nan zafè imanité a epi verifye tribò babò tout angajman enpòtan òganizasyon an pran, sa vle di, fòk nou ekzamine, si li nesèsè, politik òganizasyon an pou li pa bay enfòmasyon.
		2	Nou dwe verifye ke tout manm òganizasyon an ak tout patnè li yo gen aksè ak dokiman òganizasyon an.
		3	Nou dwe ekzamine detanzantan estrateji òganizasyon an genyen pou li devlope kapasite tout patnè li yo pou yo ka respekte prensip rann kont ak aksyon nan zafè imanité
1.2	Òganizasyon an dwe montre kijan sistèm jestyon kalite nan travay imanité li a kapab pèmèt li mete machaswiv rann kont lan nan zafè imanité.	1	Konfime ekzistans epi ekzamine fason òganizasyon an ap mete an plas jestyon kalite nan zafè imanité.
		2	Mande patnè kap travay ansanm nan travay imanité a dekwa pou nou ka verifye si yo konnen machaswiv rann kont òganizasyon an nan zafè imanité.

Dezyèm kondisyon ou dwe site

Òganizasyon an dwe mete deyò epi alapòte tout moun sa konsène, moun ki benefisyè, ak tout moun ki nan òganizasyon an epi ak tout moun ki patisipe nan enfòmasyon sa.

- a. Istwa òganizasyon an
- b. Machaswiv rann kont li nan zafè imanité
- c. Ki plan li pou li ede moun nan zafè imanité
- d. Kijan lap bay rapò
- e. Epi ki fason li genyen pou jere plent.

No	Sa òganizasyon an dwe genyen	No	Mwayen pou verifye
2.1	<p>Òganizasyon an dwe asire ke enfòmasyon yo disponib nan lang, karaktè, mwayen nou ka wè, tandè, li oubyen konprann, pou moun ki benefisyè yo ak moun sa konsène yo.</p> <p><i>Pran lekti definisyon yo ki nan ti kare ki pi ba</i></p>	1	Nou dwe revize fason ak dimansyon lang yo prezante epi mwayen yo itilize pou chwazi mwayen ak fòm kominikasyon yo.
		2	Revize dokiman yo bay ki montre kouman òganizasyon an te pran nesans, machaswiv rann kont nan zafè imanité, plan repons imanité li, enfòmasyon finansyè li, kijan lap bay rapò sou sa li fè ak fason pou li jere plent yo.
		3	Ekzamine mwayen òganizasyon an itilize pou bay enfòmasyon.
		4	Ekzamine jan enfòmasyon an disponib epi kijan moun kapab jwenn li.
		5	Fè konparezon ant lang moun ki benefisyè yo itilize, moun ki anplwaye nan zòn nan epi moun ki konsène yo ak dokiman ki bay yo.
		6	Poze moun ki benefisyè yo keston sou kijan yo rive jwenn enfòmasyon yo.
2.2	<p>Òganizasyon an dwe enfòme aktè ki konsène pa katastwòf la kijan li fè pou li chwazi moun kap benefisye èd yo, kijan yap pote èd la pou yo, jan yo te planifye ak reprezantan yo a.</p>	1	Montre ke moun ki pra l benefisye yo te enfòme jan yo te chwazi yo, dwa yo, oswa pa mwayen reyinyon, oswa rapò reyinyon, pa mwayen kontra oubyen nan pankat oubyen lòt mwayen ki kapab verifye.
		2	Poze moun ki reprezante aktè ki benefisye yo keston, moun ki benefisye yo, ak manm òganizasyon an keston.
2.3	<p>Òganizasyon an dwe bay non li ak tout sa ki idantifye li nan tout enfòmasyon li mete disponib pou piblik la.</p>	1	Verifye ke enfòmasyon (kowòdone) yo rive jwenn tout moun ki nan sit yo kote òganizasyon an travay.
2.4	<p>Òganizasyon an dwe mete a dispozisyon piblik la tout sa ki pi enpòtan nan pwogram li a pandan lap ajoute sa ki konsène manb li yo epi wòl yo jwe ak responsablite yo.</p>	1	Li dwe egzamine kijan enfòmasyon li bay yo aksesib e ki jan moun yo ka jwen yo.

Definisyon:

Plan imanité: Mete bi ak objektif general yo (rezilta wap tan yo), planifikasyon ak plan finansye a.

Rapò sou sa li reyalize: Evalye kijan pwojè a ap vanse pa rapò a plan imanité a epi ak plan finansye a.

Rapò yo dwe pibliye selon you kalandriye ke tout moun deja konnen davans.

Twazyèm kondisyon ou dwe site

Oganizasyon an dwe bay benefisyè yo ak reprezantan li yo fason, pou yo deside selon yo menm, pou yo bay dizon yo sou pwogram nan.

No	Sa òganizasyon an dwe genyen	No	Mwayen pou verifye
3.1	Òganizasyon an dwe konnen, ki jan de moun kap jwenn èd yo, ak reprezantan yo, pandan yap chèche si se fi oubyen gason, laj moun yo, si se granmoun oubyen andikape san l pa bliye lòt kòz vilnerabilite ki vizib.	1	Ekzamine mekanis idantifikasyon ak distribisyon benefisyè yo.
		2	Revize mwayen yo te itilize pou rann patisipasyon benefisyè yo posib.
		3	Poze pèsone la kestyon sou pwosesis patisipasyon yo nan pwogram nan.
3.2	Òganizasyon an dwe bay benefisyè yo ak reprezantan yo mwayen pou yo di sa yo vle nan pwojè a nan moman yap ekri l, pandan yap ekzekite l, nan moman swivi a ak lè yap fè evalyasyon an.	1	Montre ki jan òganizasyon an analize konpetans ak resous nan popilasyon lap ankadre a epi kouman li te bay sa enpòtans lè yap egzekite yon pwojè
		2	Ekzamine kòman yo fè chwa moun kap reprezante benefisyè yo.
		3	Toujou gade si benefisyè yo byen patisipe nan pwogram nan, (lè yap ekri l, pandan yap ekzekite l, nan moman kontwòl yo, swivi ak evalyasyon l).
		4	Ekzamine ki mwayen yo itilize pou tabli kondisyon chwa benefisyè yo.
		5	Ekzamine tout rapò reyinyon ki te fèt ak reprezantan benefisyè yo.

Katryèm kondisyon ou dwe site

Oganisyon an dwe evalye konpetans, konpòtman epi bezwen fòmasyon pèsone l la pou li kapab ekzekite sistèm jestyon kalite imanite a.

No	Sa oganizasyon an dwe genyen	No	Ki jan pou verifye
4.1	Òganizasyon an dwe toujou genyen yon lis konpetans (konesans, konpetans ak konpòtman) ansanm ak konpòtman ke yo ekzije pou tout moun	1	Ekzamine pwofil tout travay yo ak dosye anbochaj yo ansanm ak anons anbochaj yo.
		2	Poze moun ki rekonsab anbochaj, plasma ak fòmasyon nan òganizasyon an kesyon.
4.2	Òganizasyon an dwe asire l ke tout pèsone l la gen enfòmasyon sou machaswiv rann kont lan ak system jestyon kalite imanite a, si li gen enpòtans, si li itil epi ke pèsone l la konprann responsablite li nan aplikasyon l.	1	Ekzamine kòman yo resevwa moun yo epi kòman yo antre nan pwogram nan.
		2	Poze moun ki responsab la kesyon sou kijan tès la ap fèt.
4.3	Òganizasyon an dwe prepare yon sistèm pou kapab kontwòle pèfòmans pèsone l la ak konpetans yo tankou konesans, konpòtman ak atitid yo.	1	Ekzamine kòman yo mezire pèfòmans pèsone l la.
		2	Ekzamine tout dokiman evalyasyon pèsone l la tankou tut lòt apwòch fòmèl pou mezire pèfòmans.
		3	Gade tout aksyon kit e pran yo apre yo te finn mezire pèfòmans pèsone l la.
		4	Poze moun ki rekonsab la kesyon poun kapab verifye enpak mezi pèfòmans lan.
4.4	Òganizasyon an dwe toujou bay moun ki rekonsab yo, bon jan fòmasyon, pou yo rann sistèm jestyon kalite imanite a pi efikas.	1	Ekzamine tout achiv kote yo te sere enfòmasyon sou fòmasyon pèsone l la.
		2	Gade tout lòt fason yo te konn pran pou fòmèl pèsone l la.
		3	Gade ki jan òganizasyon an fè pou apiye devlopman kapasite patnè imanite li yo.

Senkyèm kondisyon ou dwe site

Òganizasyon an dwe mete epi aplike bon jan mwayen pou jere plent yo yon fason ki efikas, aksesib, ki pa gen risk pou moun kap benefisye yo, kominote ki konsène nan katastwòf yo ak pèsonek òganizasyon an, patnè nan domèn imanité epi lòt antite ki konsène yo.

No	Sa òganizasyon an dwe genye	No	Kijan pou verifye
5.1	Òganizasyon an dwe mande benefisyè yo ak kominote ki resevwa yo bon jan mwayen ki pou ede l jere plent yo.	1	Montre ke chita tande kit e fèt ak moun yo te vinn fè pati sistèm pou jere plent yo.
5.2	<p>Òganizasyon an dwe mete an plas epi bay deskripsyon byen detaye sous sistèm jestyon plent yo kap presize byen aklè:</p> <ul style="list-style-type: none"> - Dwa benefisyè yo ak lòt moun ki konsène yo pou yo depoze plent - Sa ki andedan system nan, paramèt yo ansanm ak limit system nan - Fason pou depoze yon plent - Etap nan jestyon yon plent - Politik konfidansyalite epi san pinisyon pou moun ki depoze plent yo - Desizyon pou pase plent lan bay yon lòt nivo otorite ke òganizasyon an pa ka jere li menm san sa pa afekte moun nan - Dwa pou moun nan resevwa yon repons 	1	Ekzamine an detay etap sistèm nan ke yo te eksplike a.
		2	Pran youn nan plent yo, analize l, pou w ka verifye vrèman ke moun ki te pot plent lan te byen konprann epi itilize pwosedi plent yo.
		3	Analize bidjè a, kontra a, epi tout sipò ke lòt patnè yo te resevwa pou ede yo mete ekzijans sa an plas.
		4	Poze moun ki sou teren yo kesyon, manb kominote ki konsène a epi/oswa moun ki benefisye yo sou sa yo panse, epi tou de jan yo wè pwosedi a.
5.3	Òganizasyon an dwe asire l ke moun ki benefisye yo, kominote ki konsène yo tankou moun li anplwaye yo konpran pwosedi jestyon plent yo.	1	Analize estrateji epi tout aktivite ki fèt pou ogmante sansibilizasyon gwoup yo sou dwa yo genyen pou yo depoze plent epi pwosedi pou yo swiv.
		2	Ekzamine dokiman pwosedi ak jesyon plent yo ke benefisyè a gen aksè
		3	Poze moun ki sou teren yo kesyon, manb kominote ki konsène a oubyen moun ki benefisye yo pou verifye nivo sansibilizasyon yo, konfyans yo nan entegrite pwosedi yo epi eske yo fè sans pou yo.

5.4	Oganizasyon an dwe asirel ke plent li resevwa yo byen jere an akò ak pwosedi ki te endike yo.	1	Ekzamine yon echantiyon nan plent yo, kap trete ak sak te trete deja pou verifye entegrite sistèm nan
		2	Ekzamine rapò ki gen pou wè ak entegrite pwosesis jestyon plent yo
5.5	Òganizasyon an dwe etabli epi mete kanpe yon sistèm pou l jere plent yo yon fason ki efikas, epi san danje pou pèsonèl la nan menm liy ak egzijans ke yo fikse nan ribrik 5.2 a	1	Ekzamine pwosedi epi ti echantiyon plent yo depoze yo.
		2	Kesyone pesonèl la, pou ka verifye nivo sansibilizasyon li nan pwosedi a tankou konfyans li nan entegrite pwosedi a (si l gen konfyans ke pwosesis la serye, san paspouki).

Sizyèm kondisyon nou dwe site

Òganizasyon an dwe mete yon pwosesis amelyorasyon toutan pou machaswiv rann kont li an ak system jestyon kalite nan travay imanite a

No	Sa òganizasyon an dwe genyen	No	Ki jan pou verifye
6.1	<p>Òganizasyon an dwe endike tout pwosesis amelyorasyon toutan li yo:</p> <ul style="list-style-type: none"> ➤ Sou machaswiv rann kont aktivite imanite li a ➤ Sou sistèm jesyon kalite nan zafè imanite ansanm ak tout kondisyon HAP ke ou dwe site yo 	1	Ekzamine sistèm amelyorasyon toutan an
		2	Bay dat sistèm amelyorasyon an ap kòmanse ak ki dat lap fini
		3	Bay enfòmasyon : verifye si dènye vèsyon an aksesib tout kote nan òganizasyon an
		4	Revize tout ajennda ak tout kontrandi reyinyon yo pou nou kapab pran nòt sou sa ki te diskite ak desizyon ki pran pou amelyore pwosesis la.
		5	Montre fason leson nou te aprann yo, te mete an aplikasyon nan pwosesis kap mache la yo
		6	Ekzamine remak (fidbak) moun kap dirije yo
		7	Ekzamine tout verifikasyon kontab (odit) ki fèt andedan tankou deyò òganizasyon an, ak evalyasyon ki konsène jan òganizasyon te itilize leson li te aprann yo ak rekòmandasyon yo nan travay li
6.2	<p>Oganizasyon an dwe kolabore ak tout patnè imanite yo, yo dwe kontwole tout mwayen ki pi bon pou relasyon yo vin pi bon toujou, nan sa yo rele rann kont aktivite imanite a.</p>	1	Ekzamine plan amelyorasyon (aksyon yo tonbe dakò sou li, estrateji aprantisaj) ki konsène chak patnè. Pa bliye make dat yo te ekri yo
		2	Fè yon rapò sou tout sak te fèt, evalye ak analize amelyorasyon k'ap genyen nan sak pral fèt yo
		3	Ekzamine kontra ak patnè yo epi pran nòt sou kondisyon ak ekzijans chak patnè an patikilye